




Defiin mënness walle VIH:




Sëy ay Jigeen bu andul ak fagaaru ci sol kondom.



Sëyub ngandafut bu andul ak fagaaru ci sol kondom.



Sëy jaareko ci Gemini (macaal baax goor te andul ak fagaaru).
(Walle gi ci anaam yi day faral di gaaw ni yi sëy ak jigeen ba ngandafut).




Di Jammu sinebar, su fekke da ñuy booko jumtukaay yi.




Ci biir èmb gi ba mëttu gi, su fekke da woo jël pexe yiir aar ci jangooro ji.



Nàmpal.



Nuyoo ci loxo




Foon ba lëj



Bokk Ndap ba koppa




Bokk wanak



Bokk ngelaw gi niiy noyyi



Tuffli, Tissôli ba Sëxët



Maatu yo

Di Fësël

- VIH mu gi walle su fekke bëpp pàcc yaram wi bu ndoxe bu benn nit dug na ci yaramu meneen.

- Pàcc yu ndoxe yi rek noo am limu VIH bu mëna walle: ndox yi ne ci baaxu goor ba jigeen, ndox toyyal gënnaw, deret ak soow yaay yi.

- Mën na nu ka moytu ci fagaaru jëfandiko kondom.